ЮБИЛЯР ҲҮРМЕТИНЕ БАҒЫШЛАНДЫ


АКАДЕМИК Ж.ТУРДЫМУРАТОВТЫҢ ТУЎЫЛҒАНЫНА 75 ЖЫЛ, ДӨРЕТИЎШИЛИГИНЕ 60 ЖЫЛ

Жақында яғный, 13-август күни Хожели районы 5-санлы балалар музыка ҳәм көркем-өнер мектебинде академик Жолдасбай Турдымуратовтың туўылғанына 75 жыл ҳәм дөретиўшилигине 60 жыл толыў мүнәсибетине дөретиўшилик кешеси болып өтти.

Соны да айрықша атап өтиў керек, бундай кешелер барлық районлардың мәденият бөлимлеринде ҳәм балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеплеринде шөлкемлестирилмекте.

Ж.Турдымуратов Қарақалпақ миллий көркем өнериниң бийбаҳа үлгилерин халқымызға инәм етип, ҳәзирги күнге шекем 60 жыл даўамында мәдениятымызды жақсылаўға жан күйдирип, оның раўажланыўына үлес қосып келмекте. Солардың ишинде оқытыўшылықтан баслап, мәденият бөлиминде, Қарақалпақстан Республикасы мәденият министри, Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық сазлы театрының директоры ҳәм басқа да жуўапкерли лаўазымларда жумыс ислеген дәўиринде тараўдың материаллық техникалық базасын жақсылаўға, оны мазмун жағынан байытыў мәселесине айрықша итибар қаратты ҳәм жоқары нәтийжелерге ерисиўине себепши болды.

Жәнеде усы тараўдың ҳақыйқый пидайысы ҳәм илимпазы сыпатында, Республикалық ҳәм халықаралық ҳәр қыйлы мәдений илажларда, халықаралық илимий конференцияларға өз баянатлары менен белсене қатнасып келген.



Мине, жоқарыда атап өтилген мийнетлери ушын 1992-жылы Қарақапақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлығы, 1996-жылы Қарақапақстан Республикасына хызмет көрсеткен мәденият хызметкери, 2007-жылы Халықаралық илимлер академиясы лауреаты, академик ҳәм де 2020-жылы “Нураний” жамғармасы қәўендерлик кеңесиниң “Меҳнат фахрийси” III дәрежели көкирек нышаны менен сыйлықланған.

Районымызда болып өткен бул мәдений илажда юбилярдың бирге ислескен кәсиплеслери, дослары, мектеп оқытыўшылары ҳәм ағайин-туўысқанлары қатнасты.

Сөзге шыққанлар арасында, белгили композитор Қ.Заретдинов, 5-санлы БМКӨМ директоры К.Карлибаев, нураный А.Пирлепесова ҳәм т.б. өзлериниң жыллы тилеклерин айтып, естелик саўғаларын тапсырды.

Илаж соңында 5-санлы БМКӨМ оқытыўшылары таярлаған концерт бағдарламасы қойып берилди. Юбиляр бул илажды шөлкемлестиргенлерге өз миннетдаршылығын билдирди.

Қатнасыўшыларда Ж.Турдымуратовтың үй архивинен алынған материаллар бойынша шөлкемлестирилген фото ҳәм сүўрет көргизбелери, сондай-ақ, концерт бағдарламасы үлкен тәсир қалдырды.

К.Карлибаев
Хожели районы 5-санлы БМКӨМ директоры.